

## РАЗМÆ РАЗÆНГАРДÆЙ КА ЦÆУЙ, ÆНТÆСГÆ ДÆР УОМÆН КÆНУЙ!..

***Иван ТУРГЕНЕВ (1818-1883) финсæг: «Адæмихæттитæй алкæмæндæр сæ цард рабарæн ес хецæн адæймаги царди хæццæ. Æцæг, адæмихæттитæ хецæн адæймагæй уæлдай рагæй нурмæ дæр нæуæггæнгæ цæунцæ... Размæ цæуетæ, цалинмæ уæ бон æй, уæдмæ...» Аци фæдзæхст абони махæн дæр бæргæ исбæззидæ зундихуасæн нæ нури цардарæзти гъуддæгутæбæл архайгæй.***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№47 (918) 2023 анзи 16 декабрь – цæппорсей мæйæ

Аргъ 1 туман




*Нæ национ аййевади райрæзти гъуддаги кæд еске лæгигъæдгунæй фескъуæлхтæй, уæд уонæн сæ тæккæ хъазауатондæртæй еу иссæй Хайти Хъасболати фурт Владимир. Цæгат Иристони адæмон хузæгæнæг, нæ республики Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премий лауреат, е æ исфæлдистадон æскъуæлхтдзийнæдти фæрци зундгонд адтæй айдагъ Иристони нæ, фал Советон Цæдеси берæ рауæнти дæр. Абони ба ’й имисæн уомæ гæсгæ, æма æрæги, 2 декабри, æ райгурдбæл исæнхæст æй дæс æма цуппаринсæй анзи (1933-2009). Æ номерæнæн абони нæ газети 4-5-аг фæрстæбæл мухур кæнæн æ хуæрзæрдхуард, Цæгат Иристони адæмон хузæгæнæг Цæрикъати Маирбеки имисуйнæгтæ, Владимирæн æхе скульптурон кустити къартæ æма æндæр æрмæгутæ.*

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2024 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 368 СОМИ 10 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 324 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР**

## ПРЕСС-КОНФЕРЕНЦИ



### «УÆРÆСЕ АЛКÆДДÆР АДТÆЙ ÆМА УОДЗÆНÆЙ ТУХГИН ÆМА ЦАРДГЪОН!..»

Зундгонд куд æй, уотемæй Уæрæсей Федераций Президент **Владимир Путин** евгъуд цуппæрæни (14 декабри) исаразта аллианзон (аци анз – инсæйæймаг хатт), пресс-конференци. Æ радзубандий хатдзæгтæ искодта нæ бæсти социалон-экономикон, æхсæнадон-политикон æма нæ абониккон цардарæзти иннæ къабæзти аци анз ци бантæстæй, уæдта фæннисан кодта, идарддæр ма æнæмæнгæ ци исæнхæст кæнуйнаг æй, еци гъуддæгутæ дæр.

Пресс-конференций рæстæг нæ бæсти разамонæг дзуæппитæ равардта нæ фидибæстаг æма фæсарæйнаг дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæртти фарстатæбæл. Уой хæццæ ба ма Уæрæсей цæргутæ дæр æрбарвистонцæ сæ фарстатæ – дууæ миллионемæй фулдæр.

Уонæн сæ еугурей туххæй радзоруни равгæ нин, гъулæггагæн, нæййес, уомæ гæсгæ ба ракæндзинан цалдæрей кой, иннети туххæй ба дзубанди кæндзинан нæ газети иннæ номерти.

### НÆ АБОНИ АРХАЙД ЕУГУРÆЙ ДÆР ÆЙ САБУРДЗИЙНАДИ СÆРБÆЛТАУ!..

Владимир Путин пресс-конференций рæстæг æ радзубандий устур æргом раздахта нури дуйнеуон уавæри фæдбæл фарстатæмæ, уæлдайдæр ба уæрæсейаг-украинаг рахастдзийнæдти фæдбæл фарстатæмæ. Урussæгтæ æма украинæгтæ еци-еу адæмихатт æнцæ, загъта Президент. Æма нур цитæ цæуй, е агъазиау фидбилиз æй, æй æнсувæрти ’хсæн граждайнаг тугъди хузæн. Аци æверхъаудзийнадæ цæугæ ба æркодта, НАТО æ хъозæнтти хæццæ æдзæсгонæй тунд-зæги ке тундзуй нæ арæнти фалдзости æрбунат кæнунмæ, Украини æ дæлбарæ бакæнгæй, никки ба ма Донбасси аст анзей дæргъи тогкалæн цаутæ – етæ еугурæйдæр æнцæ уони хилкъахæн тогмондаг фудмиутæ. Еугур еци цаутæмæ гæсгæ махæн дæр, карз нихкъуæрд син раттунæй æндæр гæнæн нæбал адтæй. Кæбæл тох кæнæн, еци сабурдзийнадæ ба уæд ралæудзæнæй, æма æнæгъæнæйдæр æнхæстгонд ку ’рцæуонцæ нæ нисантæ – Украини денацификаци, демилитаризаци æма æ нейтралон статус. Æ радзубандий Владимир Путин устур аргъ искодта сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæн.

2


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

***Мизди тæккæ минкъийдæр бæрцæ аци анзи бæрæггæнæни хæццæ рабаргæй 2024 анзи фæффулдæр уодзæнæй 18,5 проценти æма исуодзæнæй 19 242 соми (нур æй 16 242 соми). Еци хуарздзийнадæй фæххайгин уодзæнæнцæ, бустæги минкъий мизд ка есуй, уæхæн 5 миллион адæймаги. Аци нæуæгдзийнади туххæй куд загъд ес, уотемæй е неци хузи фæббæрæг уодзæнæй пенситæ æма социалон феддонти бæрцæбæл.***


Владимир ПУТИНМÆ фарста равардта КОЛИТИ Людмилæ дæр.

# «УÆРÆСЕ АЛКÆДДÆР АДТÆЙ ÆМА

1 Пресс-конференци куд рацудæй, уобæл дзоргæй нин æхцæуæн æй е, æма не ’мзæнхон, информацион портал «15-й регион»-и уацхæссæг Колити Людмилæн бантæстæй мадзали архайæг журналисттæй еугурей разæй фиццаг фарста раттун нæ бæсти Президентмæ. Æ фарстай медес ба адтæй, сæрмагонд æфсæддон операций ци бархеуонтæ архайунцæ, уони социалон бартæ æнхæстæй куд гъæуайгонд цæудзæнæнцæ, уой фæдбæл. Æма ин дзуапп дæтгæй, Владимир Путин сæрмагондæй баханхæ кодта:

– Æз æй зонун, «Шторм. Осетия»-й дæр, «Алания»-йи æфсæддонтæ дæр хъæбæр хъазауатонæй ке тох кæнунцæ, еци хабар. Уой туххæй мин региони Сæргълæууæг фегъосун кæнуй. Æма æнæмæнгæ байархайдзинан, сæрмагонд æсæддон операций ка архайуй, етæ еугурæйдæр æмхузон уавæри уонцæ æма есонцæ æмхузон агъаз паддзахади ’рдигæй.

Владимир Путин устур аргъ ке искодта, къуæрттæ «Шторм. Осетия» æма «Алания»-йæн, уой туххæй ин сæрмагондæй райарфæ кодта Цæгат Иристони Сæргълæууæг Сергей Меняйло.

Президент ма дзуапп равардта, сæрмагонд æфсæддон операций фæдбæл имæ пресс-конференций архайгутæ, уæдта операцийæн æхеми ка архайуй, етæ ци фарстатæ равардтонцæ, уонæбæл.

## ÆНÆ ХУÆДБАРÆДЗИЙНАДÆЙ УÆРÆСЕЙÆН ФÆЦЦÆРÆН НÆЙЙЕС!..

Комкоммæ эфир амонгутæ куд бафарстонцæ, уотемæй æрæги Владимир Путин исгъæр кодта æ фæндæ нæ бæсти Президенти æвзурстити архайуни туххæй. «Медбæстон æма æндагон политикæ кутемæй уинис?» – аци фарстайæн нæ бæсти разамонæг равардта уæхæн дзуапп:

– Уой туххæй берæ хæттити цудæй дзубанди, фал ма ’й еума хатт зæгъдзæнæн: Уæрæсей хузæн паддзахадæ æнæ хуæдбарæдзийнадæй нæ фæццæрдзæнæй. Сæйрагдæр æй хуæдбарæдзийнадæ федар æма цардгъон кæнун, гъома, бæстæ гъæуайкæнуйнадæ, е ’ндагон æндарг ин хъаурæгиндæр кæнун.

Бæсти граждæнти æхсæнадон хуæдбарæдзийнадæ дæр уордæмæ хауй, гъома, сæ бартæ, сæребартæ, нæ политикон системæ, парламентаризм. Экономики, технологити хуæдбарæдзийнадæ æма æдасдзийнадæ дæр æнцæ аци фарстай медæгæ. Дзуапп дæтгæй, еугур фæззелæнтæбæл æнæгъæнæйдæр нæ дзордзæнæн, фал нæ ами аудитори дæр æма еугур бæстæ дæр æй лæдæрунцæ, Уæрæсе æнæ уонæй нæ фæццæрдзæнæй. Финансон-экономикон, технологон хуæдбарæдзийнадæ – е æй алли бæсти, комкоммæ – Уæрæсей исонибон. Уомæ гæсгæ ба федарæй зæгъæн ес: етæ ’нцæ нæ бæсти размæцуди сæйраг рахуæцæнтæ.

Уæрæсей экономики федардзийнади фæстауæрци туххæй Президент загъта:

– Еци федардзийнадæн ес цалдæр гæнæни. Сæйрагдæр æй уæрæсейаг æхсæнади еудзийнадæ, идарддæр – бæсти финансон-экономикон хизи æнæфæккеугæ уавæр. Нæ хæццæ ка косуй, етæ, уæдта нæхуæдтæ дæр бадес кодтан, евгъуд дæс анземæ Уæрæсей финанстæ æма экономикæ цæйбæрцæбæл агъазиау исфедар æнцæ, уобæл. Бæстæ гъæуайкæнуйнади, гъома, æфсад æма æдасдзийнади оргæнти равналæнтæ фæффулдæр æнцæ.

Президент æрхаста экономикон бæрæггæнæнтæ дæр, уонæмæ гæсгæ еумæйаг медбæстон продуктти бæрцæ анзи кæронмæ рауайдзæнæй 3,5 проценти.

– Е хуарз бæрæггæнæн æй, – загъта Президент. – Фари æрхауд исраст кодтан, уæд продуктти бæрцæ адтæй 2,1 проценти. Гъулæггагæн, инфляци ирæзуй, е, ка ’й зонуй, 8 процентемæ дæр исхездзæнæй, фал Центрон банк æма Хецауадæ гъæугæ мадзæлттæ аразунцæ.

Промышленнон кустади ирæзт бæрæг даруй, иссæй 3,6 проценти, уæлдай æхцæуæн æй хомагкустгæнæг промышленности размæцуд – анзи кæронмæ уодзæнæй 7,5 проценти. Сæйраг капиталмæ инвестицитæ æфтуйуй 10 процентей бæрцæ. Е æвдесуй рæстæмбес тагъдади федар ирæзти уолæн, кустадæ размæ цæудзæнæй, æхца си æвæрдзæнæнцæ, нæуæг кусти бунæттæ æвзурдзæнæнцæ», – фæббæрæг кодта Владимир Путин.

## МИЗД ÆМА ÆГУСТДЗИЙНАДÆ

Аци фембæлдмæ цæттæ кæнгæй, Президент равзурста æгустдзийнади æмбæзадæ дæр. «Куд рабæрæг æй, уотемæй æгустдзийнади æмбæзадæ ’й 2,9 проценти. Уæрæсей историй уæхæн уавæр нæма адтæй. Е æвдесуй экономики нуриккон уавæр. Æцæг æфтуйæгти ирæзти кой ку кæнæн, уæд 1 январæй 18 проценти фæффулдæр уодзæнæй фæццæруни тæккæ минкъийдæр бæрцæ. Ахид æй нæ фæффулдæр кæнæн, паддзахади æндагон ихæс фæмминкъийдæр æй, 46 миллиард доллæремæй 32 миллиард доллæремæ ’рхаудтæй.

Æндагон ихæстæ дæр 337 миллиард доллæремæй 297 миллиард доллæрей уæнгæ фæнниллæгдæр æнцæ, гъома, алцидæр афойнадæбæл кæнæн. Ес ма, цæбæл цийнæ кæнæн, уæхæн бæрæггæнæн. Уæрæсей граждæнти фæццæруни æмгъуд фулдæр кæнуй. Кæд æма 2021 анзи е адтæй 70,06; 2022 анзи – 72,73; 2023 анзи ба – 74 анземæ æнгъæлмæ кæсæн», – загъта Президент.

## «КÆД УОДЗÆНÆЙ САБУРДЗИЙНАДÆ?»

Аци фарстайæн Президент загъта: «Мах нæ нисантæбæл ку исæмбæлæн, уæд уодзæнæй сабурдзийнадæ, нæ нин æййевунцæ. Гъæуама Украини искæнонцæ денацификаци, æ нейтралон статус федар уа. Фал нуртæккæ Украини цитæ цæуй? Бандера нацист æй, фал си национ бæгъатæр исаразтонцæ. Холокост исаразæг, Украини полякти, уруссæгти, дзиуиттæгти миллионгайæй ка рамардта, еци «СС»-и салдатæн лæугæй æрдзæф кæнуй киеваг администраций разамонæг. Е нацизм нæй?

Кæд сæ еумæйаг дзубанди нæ гъæуй, уæд мах тугъдон мадзæлттæ искæндзинан. Абони Украинæ æхуæдæг неци уадзуй, алцидæр сæмæ ласунцæ, зæрдæ син æвардтонцæ танкитæй, мах еци танкитæй 747, бронемашинттæй 2300 ниппурхæ кодтан. Е ба уин демилитаризаци», – фæббæрæг кодта Владимир Путин.

Дуккаг фæдздзурд уодзæнæй æви нæ, уой туххæй ба уæхæн дзуапп равардта: «Хъæбæр æнкъаргæ фарста æй, мах бал хайгай фæдздзурдтан 300 мин адæймагемæ. Биццеутæ хъæбæр хуарз тохунцæ, се ’хсæн фæззиндтæй Уæрæсей Федераций 14 Бæгъатæри. Нуртæккæ 244 мин нæлгоймаги ’нцæ тугъдон архайди бунætти. Нæ зæрди ес бархеуон хузи фæдздзорун, цæмæй Гæрзефтонг тухти хæццæ нæлгоймæгтæ бадзурдтæ искæнонцæ. Анзи кæронмæ гъавæн 400 мин адæймаги райсун. Нæлгоймæгтæ цæттæ ’нцæ нæ бæсти хуæдбарæдзийнадæ гъæуай кæнунмæ. Алли бон дæр мин æма æрдæг адæймагемæ исхъæртуй бархеуонти нимæдзæ, уæд ма нæ æфсадмæ фæдздзурд цæмæн гъæуй».

## БÆСТИ НÆУÆГ РЕГИОНТÆН – ЕУГУРВÆРСУГ АГЪАЗ

Президенти номбæл ци берæ фарстатæ æрвист æрцудæй, уонæн сæ зингæ хай баст





**Устур Фидибæстон тугъди хъазауатон, Советон Цæдеси Бæгъатæр Æбати Мæхæмæти фурт Æхсарбеги райгурдбæл 14 декабри исæнхæст æй сæдæ анзи (1923-1982).**

*Минкъий сабий кæмæн ес, еци ниййергутæ кустмæ ку рацæуонцæ, уæддæр син фист цæудзæнæй феддон сæ сувæллони тухххæй, цалинмæ уобæл анз æма æрдæг исæнхæст уа, уæди уæнгæ. Е æхцæуæн хабар æй, уомæн æма нуртæккæ ба еци феддон фист цæуй, мадæ кенæ фидæ косгæ ку нæ кæнонцæ, уæд. Нæуæгдзийнади закъон æ тухи бацæудзæнæй 2024 анзи 1 январæй фæстæмæ. Феддони рæстæмбес бæрцæ нæуæг анзи уодзæнæй 17,8 мин соми.*





# УОДЗÆНÆЙ ТУХГИН ÆМА ЦАРДГЪОН!..»

адтæнцæ бæсти нæуæг регионти цард фæхххуæздæр кæнуни хæццæ, сæ райрæзти пълантæ исаразуни хæццæ.

Еци фарстабæл дзоргæй, Владимир Путин куд бафеппайдта, уотемæй федералон бюджети проекти амунд регионти райрæзтæн нисангонд цæуй 1 триллион сомемæй фулдæр. «Уой хæццæ, бæлвурд мадзæлттæ арæзт цæуй, цæмæй еци регионтæ къæпхæнгай исуонцæ федераций æнхæст-баргин иуонгтæ», – загъта Президент.

Гъулæггагæн, еци регионти социалон-экономикон уавæри фæстаг æнзти дæргъи берæ къæхкъуæрæнтæ исæвзурдæй, уомæн æма сæмæ Украини хецауадæ фагæ æргом не 'здахта. «Фал махæн нур нæ еумæйаг ихæс æй бæсти нæуæг регионти экономикон гъомус райрæзун кæнун. Уомæн агъаз уодзæнæй, уæлдæр æй куд загътон, уотæ бюджети ахедгæ агъаз. Уой хæццæ ма, хæстæгдæр цалдæр анзей дæргъи нæуæг регионти райрæзтæн алли анз дæр лæвæрд цæудзæнæй фæйнæ 1 триллион сомей бæрцæ», – фæббæлвурд кодта Владимир Путин.

Уомæй уæлдай, лухкæнуйнаг фарстатæ райеуварс кæнунæн агъаз уодзæнæй, нæуæг регионтæн бæсти иннæ хæйтти хæццæ ци æнгом æмгустадæ ирæзуй, е дæр. Зæгъæн регионти 'хсæн æмгустади пъланти бундорбæл нæуæг республикитæ æма облæстти райрæзтæн дехгонд æрцæудзæнæй 150 миллиард сомей бæрцæ. Æма ма еу феппайуйнаг. Нæуæг регионтæ сæхуæдтæ дæр æфтуйаггин архайдмæ турнунцæ. Æма син нуриуæнгæ æнтæсгæ дæр кæнуй. Зæгъæн, федералон бюджетмæ аллихузон феддонти хузи нуриуæнгæ барвистонцæ 170 миллиард сомемæй фулдæр. Еци æууæл ирд æвдесæн æй, нæуæг регионти экономикæ ирæзти надбæл ке 'рлæудтæй, уомæн.

### ПАЛЕСТИНÆ ÆМА ИЗРАИЛИ БУЦÆУ

Фембæлди архайæг фæсарæйнаг журналисттæй еу Владимир Путини æргом раздахта, Газай тæлми нуртæккæ ци уавæр исæвзурдæй, уомæ. «Еци гæрзефтонг буцæуи амæттаг нуриуæнгæ бацæнцæ палестинаг 8 мин сувæллонемæй æма 6 мин силгоймагемæй фулдæр. Фал Еугонд Нацити Организаци, уæдта дуйней гъомусгиндæр паддзахæдтæн сæ бон нæй еци гæрзефтонг буцæу бауорамун. Еци æууæл лæдæргæй, Уæрæсе æма Турк региони сабурдзийнадæ æрфедар кæнунæн неци фадуæттæ араздзæнæнцæ?» – адтæй журналисти фарста.

Уæрæсей Президенти дзубандимæ гæсгæ, уавæр æцæгæйдæр сагъæссаг æй. «Турки Президент Эрдогани хæццæ аци фарстай фæдбæл еудадзугон бастдзийнадæ дарæн. Æма сæрмагондæй фæббæрæг кæндзæнæн, гæрзефтонг буцæу бауорамунæн æма региони нæуæгæй сабурдзийнадæ æрфедар кæнунæн Уæрæсе æма Турк берæ гъуддæгутæмæ еумæйаг цæстингас ке дарунцæ, уой. Еци æууæл нин фадуат дæттуй, цæмæй нæ зæрдæ дарæн хæстæгдæр федæни хуæздæрæрдæмæ æййивддзийнæдтæбæл. Архайд цæуй, цæмæй аци фарстай фæдбæл сæрмагондæй фембæлæн Эрдогани хæццæ. Гæнæн ес æма еци фембæлд уа федæни анзи райдайæни.

Ке зæгъун æй гъæуй, аци фарстай фæдбæл политикон консультацитæ арæзт цæунцæ æндæр бæстити минæвæртти хæццæ дæр. Зæгъæн, æз æрæги адтæн Саудаг Арави æма Еугонд Араббаг Эмиратти. Еци бæститæ, уæдта Египети разамунди хæццæ дæр исæвзургæ уавæрбæл æрдзурдтан», – бафеппайдта Владимир Путин.

Цалдæр сахаттемæ Президент Владимир Путин берæ вæрсуг æма ахедгæ дзуæппитæ равардта берæ тухстаг æма ахсгиаг фарстатæн. «Комкоммæ эфири» ци фарстатæ каст не 'рцудæнцæ, уонæбæл идарддæр бакосдзæнæнцæ профилон паддзахадон оргæнтæ. Алли фарста æма курдиади фæдбæл дæр афойнадæбæл дзуапп лæвæрд æрцæудзæнæй.

### ВАКЦИНАЦИ ÆМА ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДИ УАВÆР

Еумæ райсгæй махмæ вакцинаци æма вакцинити тухххæй нæййес сагъæссаг фарстатæ. Мæнæ нуртæккæ ка фæззиндтæй, еци фарста, æнæмæнгæ, цубур рæстæгмæ лухгонд æрцæудзæнæй. Е дин фиццаг.

Дуккаг ба. Нæкæси, фадунæги (корь) æнæгъæнæ дуйней цуппар анземæ еу хатт фæззиннуй. Æма е цæй фудæй æй? Е ба уой фудæй æй, æма кустадон эмигранттæ ци паддзахæдтæй æрбацæунцæ, уони нимæдзи Украинæй дæр, уордигæй дæр нæмæ нуртæккæ миллионгай адæймæгутæ æрбалигъдæй, æма уоми иммунизаци нуриуæнгæ дæр ниллæг уавæри адтæй, нур ба бустæги ниллæгмæ æрхаудтæй. Æма е æй бæлвурд сагъæссаг фарста. Уой хæццæ ба ма нæмæ ес техникон æгъдауæй къулумпидзийнадæ. Мæ зæрдæ дарун, нæ специалисти загъдмæ гæсгæ, аци фарста лухгонд ке 'рцæудзæнæй, уобæл.

Нæ базарадон зелдохæй цалдæр фæсарæйнаг компаний ке рандæнцæ, е дæр къулумпидзийнадæ æй, æма æцæгæйдæр ралухкæнуйнаг фарста æй. Раст зæгъгæй, еци хуасти 'хсæн æдеугурæй æнæмæнгæ гъæугæ æнцæ 14 препарати. Фал нæ фармацевтон промышленность æновудæй архайуй, нециуавæр импорт æхгæнунмæ гъавæн. Уæрæсей Федераций гъæуайкæнуйнади министрадæ, хецауадæ еци лухкæнуйнаг фарстæ уинунцæ, арæзт æрцудæй сæрмагонд къамис фæсарæйнаг хуастæ нæхе конд хуастæй раййевуни тухххæй, кæци разæнгардæй архайуй. Федарæй мæ æууæндун кæнунцæ, нуртæккæ ци цæуй, уой лæдæрунцæ, æма алли мадзæлттæ æма гæнæнтæй дæр ке испайда кæндзæнæнцæ, уобæл. Зæрдæ æвæрунцæ, еци хуастæмæ ци сæйгæ адæм æнгъæлмæ кæсунцæ, уони интерестæ гъæуайгонд ке 'рцæудзæнæнцæ, уомæй.

Хуастæ æййевуни фарстабæл дзоргæй ба уой зæгъуйнаг дæн, æма, лæдæрун æй, цидæртæ нæ исбæззунцæ, æма уæд æндæр мадзæлттæ агорун багъæуй... Фарстабæл айдагъ промышленнон къабазæй уæлдай ма дохиртæ дæр косонцæ. Еци гъуддаги ма психологон æздæхт дæр ес, уомæн æма сæйгæ еци-еу хуасæбæл исахур уй, æма имæ уотæ фæккæсуй, цума ин æнæмæнгæ, айдагъдæр е агъаз кæнуй, æма сæ æз уомæй лæдæрун. Æрбаласгæ хуастæ дæр æлхæндзинан, нæхуæдтæ дæр уадздзинан, сæ бæрцæбæл дæр æфтуйдзæнæй.

Уæрæсей æ тухи æй æнæнездзийнади райдайæн цæги модернизаци æма еци гъуддаг фæррæстмæ кæнуни тухххæй дзæвгарæ æхцай фæрæзнитæ дехгонд цæуй паддзахади 'рдигæй. Айдагъ хуæдтолгитæ регионтæмæ æрвист æрцудæй, мæнмæ гæсгæ, 14 миней бæрцæ. Бундоронæй цалцæггонд æма арæзт цæунцæ фельдшерон-акушерон пункттæ. Фал, æвæдзи, е фагæ нæй... Цубур дзурдæй, мах ма æнæмæнгæ аци программæ раизолдæр кæндзинан, исуодзæнæй исонибони президентон программи еу хай.

Раст зæгъгæй, аци гъуддаги минкъий арæзт не 'рцудæй, фал цард куд æвдесуй, уотемæй ма ци лухкæнуйнаг фарстатæ ес. Еума хатт уин æй зæгъун: аци проблемæ мах лæдæрæн, æма хумæтæги æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади райдайæн цæг фæхххузæнондæр кæнуни тухххæй сæрмагонд программæ хумæтæги не 'саразтан. Аци гъуддаги, фиццаг æргом æздахун гъæуй гъæукkаг рауæнтæмæ.





**Цæгат Иристони науки æскъуæлхт архайæг, медицинон наукити доктор, Цæгат Иристони паддзахадон медицинон институти профессор Тахъулти Тæтæрхъани фурт Урусхани райгурдбæл 16 декабри æнхæст кæнуй дæс æма фондзинсæй анзи (1913-1980).**

*ÆГЪУЗАРТИ Саукуй (1943–2013), публицист, финсæг: «Коцойти Арсени номбæл гъæунгæ, финддæсæймаг хæдзарæ. Аци цæрæнбунат ку исцæттæ ’й, уæд си фатертæ ка райста, уонæй фиццæгти хæццæ адтæнцæ Дзанæгати Кермени, Хайти Владимири, Ходзати Æхсари, Икъати Серафини бийнонтæ. Еу хæдзари уал номдзуд лæги æрцардæй, уал зундгонд аййевадон косæги уинис*


ХАЙТИ Владимир (фиццаг рæнгъи галеуæрдигæй дуккаг) нæ республики хузæгæнгути хæццæ.

# МÆ ХУАРЗ ЛИМÆН ЛАДИК


**ЦÆРИКЪАТИ Маирбек**
(1927-2018),
Цæгат Иристони адæмон хузæгæнæг

Сауæдонæй рæсогдæр уод. Лæгигъæдгун, хуæрзæгъдау. Аци зæгъдтитæ хумæтæги нæ райдæдтон мæ дзубанди, æ дæсниадæ Хуцауæй лæвæрд кæмæн адтæй, еци искурдиадæгин зундгонд скульптор, мæ хуарз лимæн Хайти Хъасболати фурт Владимири (имонау æй Ладик худтан) туххæй. Уодæй-уодмæ нæ бастдзийнадæ куд федар æма уарзонæй адтæй, уомæ гæсгæ мæ къохи нæ бафтуйдзæнæй цубуртæй радзорун, æгæр берæ цидæртæ æримисун мæ фæндуй.

Мах базонгæ ан 1966 анзи, уæд е исæздахтæй Мæскуйæй. Фæцæй æ ахури рæстæг Сурикови номбæл Аййевæдти институти скульпторон хайади. Æ ахургæнæг адтæй зундгонд скульптор М.В. Томский. Фæззонгæ ан Дзанæгати Кермени фæрци, кæций Владимир зудта ахурмæ рандæуни агъоммæ – еумæ кустонцæ нæ республики Аййевадон фонди скульптурон цехи.

Æ фæлмæн, игъæлдзæг уодиконд мæ зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй æма нæ бафæсмæрундзийнадæ сабургай разилдæй устур æма федар лимæндзийнадæмæ. Æ дессаги уодиконди фæрци адæми æхемæ ивазта, уомæ гæсгæ ин адтæй берæ зонгитæ, æмбæлттæ айдагъ Иристони нæ, фал иннæ рауæнти дæр.

Мæскуй ма студент уогæй, Владимир æхецæн цардæмбалæн равзурста заманай саурæсугъд кизгæ – Билаонти Долореси. Иристонæй уоми ци фæсевæд ахур кодтонцæ уæди рæстæги, етæ сæмæ хъæбæр ахид æмбурд кодтонцæ студентти æмдзæрæни сæ уатмæ. Игъæлдзæгæй æрвистонцæ уолæфуни сахæттæ, Долореси конд æхцинтæй мийнасæ кæнгæй. Гъе уæд фæззиндтæнцæ «базургин» дзурдтæ: «Гъæуай кæнетæ Хайти сахъигурди, мах берæ ан, е ба еунæг æй!..»

Æма дессаг куд нæй, ефстагмæ фæууй уотæ, неке зæрдæ ин загъта фуд, на ’дтæй æ алфамбулай цæстнæуарзонтæ. Алке хæццæ дæр ке арæхстæй, уомæ гæсгæ æй худтонцæ Ладик…

Уæлдæр куд загътон, Устур Фидибæстон тугъд фæууни фæсте райдæдта цæун Аййевадон фонди скульптурон цехмæ. Уоми æ мади æнсувæр Шанайти Барис, Дзанæгати Кермен æма Санахъоти Сергейи разамундæй базудта исонибони дæсниади фиццаг æздæхтæ, етæ ин ниввардтонцæ бундор.

Æвæдзи, бицщеумæ адтæй æрдзон менеугутæ, кæцити фæрци цурд ахæста, ци ин амудтонцæ композицион æма пластикон æгъдауæй, уони. Уомæн æвдесæн æ тематикон сюжеттæ «Хуасгæрци», «Æргъау тæруни», «Кизги раскъæфт». Лæгъуз ин нæ рауадæнцæ портреттæ (Кондратенкойæн, Сæбанти Барис æма Шанайти Урузмæгæн).

Æнæмæнгæ, уæхæн исфæлдистадон бундор ниввæргæй, уотæ устур зин гъуддаг ин нæ адтæй В. Сурикови номбæл Аййевадон институтмæ бацæун. Уæдмæ куд профессионалон архайæг, уотæ аккаг бунат ниййахæста Иристони хузæгæнгути Еугонди æма скульпторти къуари рæнгъити. Æмхузон хуарз, дæсни арæхстæй Владимир скульптурон пластики еугур къабæзтæмæ дæр. Уой фæрци исаразта зингæ аййевадон æрмæгутæ, кæцитæ æвдист цудæнцæ берæ аллихузи равдистити. Цудæй син хъæбæр бæрзонд аргъгонд. æма сæ исаразæг тагъд рæстæги, æригон ма уогæй, æвзурст æрцудæй Советон Цæдеси хузæгæнгути Еугонди иуонгæй.

Хайти Владимир исхузæ кодта берæ зундгонд, номдзуд лæгти сорæттæ, се ’хсæн революционер Цæголти Геуæрги, инæлар Плити Иссæ, актертæ Цихити Маирбек æма Уатати Бимболат, хузæгæнæг Хетæгкати Марат, Советон Цæдеси Бæгъатæр Калоти Геуæрги æма æндæртæ.

Тугъди ка фæммард æй нæ Райгурæн бæсти сæрбæлтау, уонæн исаразта монументалон циртдзæвæнтæ Иристони, Дагестани, Кара-Калпакий, Узбекистани æма æндæр рауæнти.

Уони æной ма Владимир берæ рохсаггæгтæн искодта циртдзæвæнтæ уæлмæрдти æвæрунмæ, фулдæр лæвар (берæ ин адтæй хеуæнттæ, зонгитæ, лимæнтæ). Æнæмæнгæ, берæ рæстæг лæвардта еци гъуддагæн, уойбæрцæбæл ба изадæй æ сæйраг куст.

Алци нæ имисдзæнæн, фал еу цауи туххæй ба радзорон, мæхуæдæг æвдесæн адтæн. Кæддæр Ладик балхæдта рæуæг хуæдтолгæ, фал имæ арæхсгæ ба нæ кодта æма мæнæн ахургæнгæ рауадæй. Раст зæгъгæй, цурд ахæста амунд алли гъуддаги дæр æма цубур рæстæгмæ фæррæстмæ æй, хатгай æхуæдæг фæннæхстæр уидæ, кæд имæ хуæдтолгæ дарунæн барæдæттæг гæгъæдитæ нæма адтæй, уæддæр. Еууæхæни хебарæ рацуди, æвæдзи, цидæр раст нæ ракодта, æма ’й фæндаггон инспектор бауорæдта. Ба си агурдта гъæугæ гæгъæдитæ. Ладик æ цæстæ нæ фæнникъолгæй, дзоруй:

– Æз Хайтæй дæн, дæу хузæнтти æргъæй кæнун. Мæн еугурæйдæр зонунцæ, ду ба нæ. Гъæйдæ, базонгæ уæн!

Ка никъкъех æй, еци милиционермæ æ къох бадаргъ кодта, уотемæй уайтæккæ фæннæхстæр æй. Инспектор æ фæсте æдзинæг кæсгæ байзадæй.

Еухатт багъæуаги мæнæн дæр пайдагæнгæ рауадæй, уæхæн æнæнгъæл миуæй. Мæ кæцидæр фæццуди Мæскумæ æмбурдмæ фиццаг баздахтæн УСФСР-и хузæгæнгути Цæдесмæ, мæхе ниффинсун кæнон номхигъди æма фусунуатмæ гæгъæди райсон, зæгъгæ. Фал куд исбæрæг æй, уотемæй махæн бунæттæ нæ адтæй, фал Мæскумæ хæстæг хузæгæнгутæн ци фæлладуадзæн санатори адтæй, «Челюскинская», зæгъгæ, уоми. Цæун гъудæй уордæмæ электрички. Куд мин балæдæ-












*алли бон дæр!.. Еци хæдзари æз дæр рацардтæн фараст анзи, зæрдæй бауарзтон мæ синхонти, æнæгъæнæ Иристони дæр игъустгонд ке нæмттæ адтæнцæ. Уонæй адтæнцæ Хайти Владимир (имонау æй Ладик худтан) Иристони игъустгонд скульптор, æ бийнойнаг Билаонти Долорес (Доля) ба – номдзуд оперон зартæгæнæг.*


Хайти Владимир æ кусти рæстæг.


Долорес æма Владимир сæ фурт Ибрагими хæццæ – аци искурдиадæгин лæхъуæн абони æнтæстгинæй идарддæр хæссуй æ фиди исфæлдистадон кадæ, æй нæ республики æнтæстгиндæр скульптортæй еу.

рун кодтонцæ, уотемæй Мæскуй цудæй цалдæр Дуйнеуон æма Европаг æмбурди, уомæ гæсгæ фусунбунæттæ нæбал адтæй. Е мæн уотæ хъæбæр нæ багъигæ дардта, уомæн æма Мæскуй цардæнцæ мæ дууæ хуæри, алли цуди дæр си ескæмæ æрфусун кæнинæ.

Дуккаг бон изæрæй мæнмæ æрдзурдта телефонæй Хайти Владимир, дууæ боней фæсте мæ фурти хæццæ Мæскумæ цæуæн æма нин фусуни хабар бакæнæ, зæгъгæ. Æз ин уавæр куд æй, уой бæргæ балæдæрун кодтон, фал загъта æнæ цæуæн нæййес, æримисæ ести мадзал.

Мæ зæрдæ нецæбæл дардтон, фал уæддæр дуккаг бон рандæ дæн нæ Цæдесмæ, ести бæргутæ базонунмæ. Мæ искурдиадæ ку загътон, уæд хæдзарадон хайади сæргълæууæг силгоймаг деси бацудæй, гъома, уавæртæ ку зонис, уæд кутемæй ци. Фал, æз уæддæр федар лæудтæн мæ фæндæбæл, гæнæн нæййес, иссерæ мадзал уомæн æма Хайти Владимир рацæуй æ фурти хæццæ.

– Æма е ба ка ’й? – зæгъгæ мæ хинцфæрсæ ракодта. Æз дæр дестæгæнæгау дзорун:

– Ци, Хайти Владимир ка ’й, уой нæ зонис? Мадта нин уæд æцæгæйдæр дзубандиагæй неци ес... Никки, цæмæдесдæрæй дзоруй нæуæгæй:

– Æз зонун еугур æскъуæлхт, адæмон хузæгæнгути, лауреатти, уой хабар некæд фегъустон.

Æз дæр равардтон дзуапп:

– Адæмонтæ, æскъуæлхтитæ æма лауреаттæ берæ, фал нæмæ Хайти Владимир ба еунæг ес.

– Мæ аци загъд фæуууæлахез æй, æцæг мин загъта:

– Хуарз цæрæнбунæттæ еугурæйдæр ахæст æнцæ, бавзарон иннети.

Бадзурдта фусунуат «Урал»-мæ, раст хузæгæнгути Цæдеси бакомкоммæ. Администратор æ хуарз зонгæ ке адтæй, уой балæдæрдтæн сæ дзубандийæй.

Дзуапп адтæй уæхæн, гъома, исон исуæгъдæ уодзæнæй номер «полулюкс» æма уой бафæстауæрцæ кæндзæнæй, кæд уæхæнбæл банвæрсдзæнæй еци лæг, уæд. Цæстингас æма хъур-хъурæй балæдæрун кодтон, уæхæн лæги аккаг æнхæстæй нæй, фал равгитæмæ гæсгæ исарази дæн.

Æз хуарз зудтон еци фусунбунат, зæрдæмæдзæугæ уавæртæ си адтæй цæрунæн. Мæ ходун туххæй уорæдтон, фал Лилия Ивани кизгæн (уотæ хундтæй еци силгоймаг) гъулæг уодзæнæй, зæгъгæ, уой тæссæй мæхе ниууорæдтон.

Еци бон исдзурдтон мæ лимæнмæ, æма ин загътон, Цæдеси хæдзарæмæ бацæуæни дуаргæсæй райсдзæнæ дæ гæгъæдитæ.

Дуккаг бон æрхъæрттæй. Сæ бацуди рабæрæг æй: дуаргæсмæ неке неци ниууагъта. Цæугæ ин рауадæй еци силгоймагмæ, кæци барæй нæ ниууагъта гæгъæдитæ дуаргæсмæ, цæмæй æхуæдæг, æхе цæститæй фæууина æвæсмард, дессаги лæги.

Уой фæсте нæ Владимир бахудта ресторанмæ æма мæ налат миуæ ку исбæрæг æй, уæд еци силгоймаг зæрдибунтæй берæ фæххудтæй. Фал уæдæй фæстæмæ æз ба æ цæсти ездон адæймагбæл нимад нæбал цудтæн.

Уой фæсте Мæскуй нæ алли фембæлди дæр Лилия Ивани кизгæ еци цау æримисидæ не ’мбæлттæн.

Фæндуй мæ цубурæй зæгъун Долорес æма Владимирæн сæ рамæлæти фæдбæл, кæрæдзей хуæдфæсте рацох æнцæ дуйней рохсæй.

Еци уæззау цау æвеппайди хабар нæ адтæй – сæ дууæ дæр фæстаг рæстæг хъæбæр садæнцæ (сæйгæдони дæр еумæ адтæнцæ). Бæргæ бæлдтан сæ исдзæбæх унмæ, фал..

Долореси бафæндадтæй æ незы фæдбæл Мæскумæ рандæун, уоми рахастонцæ унаффæ – гъæуй операци кæнун æ зæрдæн. Операци бæргæ фæррæстмæ ’й, фал ин иннæ незтæ уавæр фæллæгъуздæр кодтонцæ æма Долореси адзал æхе амæттаг бакодта.

Æ цардæмбали рамæлæт хæссун нæ бафæразта Владимир, æ незтæ уæлахез кæнун райдæдтонцæ æма дууæ мæйей фæсте, фулдæр нæбал бафæразта Долореси æной, уодесæг æ циргъ дзæмбутæ ниссагъта Владимири хорхи. Æносон фунæй æй бакодта.

Нæ адæмон культурæ æма аййевадæ зингæ мæгурдæр, фæлмастдæр фæцæнцæ, кæцидæр тогдадзинттæ раскъудæнцæ Билаонти Долорес – нæ ирон оперон сцени солисткæ æма Хайти Владимир – нæ республики хуæздæр скульптортæй еу, не ’хсæнæй ку фæгъгъудæнцæ, уæд...

**Хайти Владимир æма Билаонти Долорес бийнонтæй сæ рæстæги цардæнцæ Дзæуæгигъæуи Коцой-фурти гъæунги, 15-аг хæдзари. Аци хæдзари фарсбæл æвæрд æрцудæй сæ номерæн мемориалон фæйнæг.**












*Цæгат Иристони разагъди лæгштæй еу, нæ республики науки æскъуæлхт архайæг, медицинон наукити доктор, Цæгат Иристони паддзахадон медицинон институти профессор ТАХЪУЛТИ Тæтæрхъани фурт Урусхани райгурдбæл 16 декабри æнхæст кæнуй дæс æма фондзинсæй анзи (1913-1980).*

## ДЕМОГРАФИ



Экономикон наукити доктор, профессор Гуриати Лирæ æма экономикон наукити кандидат, доцент Каберти Нодарæн сæ наукон-æртасæн кусти рагæйдæр сæйрагдæр æнцæ Цæгат Иристони æма Уæрæсей демографион фарстатæ. Æма куд исбæлвурд кодтонцæ, уотемæй нæ бæсти цæргути нимæдзæ 2036 анзмæ фæмминкъийдæр уодзæнæй 134 миллионей бæрцæ. Уавæр еуцæйбæрцæдæр рæвдзæдæр æй Цæгат-Кавказаг федералон округи еугур регионти дæр. Игурыйнади коэффициент æй Уæрæсей рæстæмбес бæрæггæнæнтæй уæлдæр – 1,51. Цæгат Иристони ба еци коэффициент æй 1,71. Цæмæй игуруйнадæ мæлунадæй бæрзонддæр уа, уой туххæй республики алли бийнонти дæр рæстæмбес нимадæй гъæуама уа 2 сувæллонемæй фулдæр.

## НÆУÆГДЗИЙНАДÆ



Республики Сæргълæууæг æма Хецауади пресс-службæ куд игъосун кæнуй, уотемæй Цæгат Иристони аэропорти æрбунæттон ун фæндуй цалдæр авиакомпаней. Аци фарстабæл бæлвурд дзубанди цæудзæнæй нæуæг анзи. Аэропорт «Владикавказ»-и ескæци авиакомпани ку æрбунæттон уа, уæд е фадуат ратдзæнæй Иристонæй рейстæ нисан кæнунæн, регион исуодзæнæй сæ райдайæни бунат, уæдта ма си фæззиндзæнæй уæлæнхасæн косæн бунæттæ. Бæлвурдæй циуавæр авиакомпанитæй ке хæццæ цæудзæнæй дзубанди, е нæма 'й бæрæг. Нуртæккæ аэропорт «Владикавказ»-æй тæхунцæ IKAZ, Reg Vings, «Победа», «Уральские авиалинии» æма «Северный ветер»-и компаните хуæдтæхгутæ.

## ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ



Иннæ анз 24 дохтири æма 2 фельдшери Цæгат Иристони гъæутæмæ косунмæ рандæ уодзæнæнцæ. Адæми дзæбæх кæндзæнæнцæ программитæ «Гъæууон дохтир» æма «Гъæууон фельдшер»-мæ гæсгæ. Аци хабар нæ республики Сæргълæууæг Сергей Меняйло фегъосун кодта æ телеграмм-канали.

«Амунд программитæмæ гæсгæ, аци анз 26 медики косун райдæдтонцæ. Проекти архайуни туххæй медиктæн дæттунцæ разæнгардгæнæн æхцатæ: дохтиртæн – фæйнæ миллион соми, фельдшертæн ба – фæйнæ 500 мин соми. Гъæути ке аразæн, еци амбулаторитæ æма фельдшерон-акушерон косæндæнттæ ефтонг кæнæн нуриккон техникæй. Зинвадуат гъæути ка фæззиндтæй, еци медицинон косæндæнтти дæсни специалисттæ цæмæй косонцæ, уобæл архайæн», – финсуй региони разамонæг.

## ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ. НИСАНТÆ.

Сæрмагонд æфсæддон операций архайæг тугъдонти бийнонти иуонгтæн ес Ирон театри спектаклтæмæ лæвар бакæсуни равгæ. Æцæг театрмæ фæццæун, ци бон сæ фæндуй, уой туххæй сæ гъæуй рагацау театри къассæмæ рагацау фегъосун кæнун.

* * *

**Цæгат Иристони скъолатæй æхсæз æма инсæй бундоронæй цалцæггонд æрцæудзæнæнцæ нæуæг анзи. Уогæ ба 2024-2026 æнзти астæуккаг ахургæнæндæнттæ цалцæг кæнуни федералон программи архайуни туххæй нæ республикæ балæвардта еуæндæс æма дууинсæй курдиади.**

* * *

Куд иннæ æнзти, уотæ Уæрæсей Конституций Бони (12 декабри) нæ республики хецауади Хæдзари нæ бæсти гражданини паспорттæ кадгин уавæри лæвæрд æрцудæй аст æма инсæй кизги æма биццеуемæн. Аци цауи æхцæуæндзийнадæ никки уæлдæр кæнуй е, æма уонæй алкедæр устур æнтæстдзийнадтæ æвдесуй ахури, исфæлдистадон архайди, спорти, царди гъуддæгути.

* * *

**Цæгат Иристони арæзт æрцудæй Нартиади Анзи агъазиау мадзæлттæй еу – Æхсæнадæмон фестиваль «Арфæ». Архайдтонцæ си Цæгат-Кавказаг федералон округи регионти, Абхазий, Хонсар Иристони æма Мæскуй минæвæрттæ. Етæ равдистонцæ сæ адæмихæттити исфæлдистадæ зарунæй, кафунæй æма æндæр фольклорон хузтæй. Мадзали кæронбæттæн иссæй агъазиау концерт нæ республики адæмон исфæлдистади Хæдзари.**

* * *

Дзæуæгигъæуи Ленини фæзи 17 декабри 12 сахаттемæй ба 19 сахаттей уæнгæ арæзт æрцæудзæнæй хуæрзаудон армукъа «Хуæрзеуæги цетенæ». Аразунцæ 'й къохæй дзаумæуттæ аразунмæ арæхстгинтæ æма фонд «Хуæрзеуæгæн уæн ес!» Армукъай балхæнæн уодзæнæй аллихузон хекондæ нæуæгангон гъазæнтæ, сувенирттæ, хæдзари гъæугæ дзаумæуттæ…

* * *

**Литературон-аййевадон журнал «Дарьял» ци конкурс исаразта фантастикон уадзимистæ финсунæй, уой хатдзæгтæмæ гæсгæ си радзурдти номинаций уæлахезон иссæй Кæсæг-Балхъари минæвар Никитæ Лисовой. Номинаци «Миниатюрæ»-йи ба фæууæлахез æй Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети фиццаг къурси студенткæ Æгъузарти Элинæ.**

## АЛЛИАНЗОН РЕСПУБЛИКОН КОНКУРС «САБИЙТÆ – КОРРУПЦИЙ НИХМÆ»



# САБИЙИ ЗАГЪДÆЙ ФАРНÆ ДЗОРУЙ

Бæрæггонд æрцудæнцæ сувæллæнтти хузти республикон аллианзон конкурс «Сабийтæ – коррупций нихмæ»-йи хатдзæгтæ. Æма аци исфæлдистадон ериси уæлахездзаути æрæги кадгин уавæри иситгин кодтонцæ Дзæуæгигъæуи хецауади Хæдзари. Зæрдиагæй син райарфæ кодта, Кади гæгъæдитæ æма хъазар лæвæрттæ син равардтонцæ Цæгат Иристони Сæргълæууæг æма Хецауади Администраций разамонæг **Гобети Ибрагим**.

Æ радзубандий куд бахахæ кодта, уотемæй æхцæуæндзийнадæ е æй, æгайтима нæ кæстæртæ уоййасæбæл бæрнонæй архайунцæ не 'хсæнадæн сагъæссаг фарстати фæдбæл арæзт мадзæлтти.

– Алкæддæр зин фæууй сувæллæнтти конд хузтæн аккаг аргъ искæнун, уомæн æма еугурæйдæр фæуунцæ зæрдагайæн, – бахахæ кодта Гобети Ибрагим. Уони конд куститæмæ кæсгæй, æруагæс ди кæнуй, «Сабийи загъдæй фарнæ дзоруй!..», зæгъгæ, нæ фидтæлтиккон загъди рæстадæ. Æма нæ зæрдæ дарæн, сувæллæнтти конд хузтæ дæр хуæрзæрдæмæ фæййагъаз уодзæнæнцæ коррупци не 'хсæнади медæгæ искунæг кæнуни архайди.

Конкурсмæ лæвæрд æрцудæй 150 кусти, сæ еугурдæр – хъæбæр аййев, зæрдæмæдзæугæ, медесгин. Бæрæг æй, зæрдиагæй сæбæл ке байархайдтонцæ, е. Уомæ гæсгæ, æцæгæйдæр, хъæбæр зин адтæй се 'хсæн хуæздæрти равзарун. Уой баханхæ кæнгæй, Гобей-фурт загъта:

– Мæнæн хъæбæр æхцæуæн æй уæлахездзаутæн арфæ кæнун. Сæ бон бацæй аййевадон фæрæзнити фæрци, коррупци цæйбæрцæ зæран хæссуй не 'хсæнадæн, нæ фидибæстон экономикæн, уой равдесун. Арфæ кæнун, уæхæн зæрдæргъæвд кæстæртæ ка исгъомбæл кодта, еци нийййергутæ æма ахургæнгутæн дæр.




Аци исфæлдистадон конкурси уæлахезонтæ ба иссæнцæ:

Дæс анзей уæнгæ кæбæл цæуй, еци кæстæрти 'хсæн ериси:

**Томайти Эдуард** – 1-аг къæпхæни диплом;

**Къæбулти Хетæг** – 2-аг къæпхæни диплом;

**Аминат Албакова** – 3-аг къæпхæни диплом.

Дæс анземæй æртиндæс анзей уæнгæ кæбæл цæуй, еци кæстæрти 'хсæн ериси конкурси фæууæлахез æнцæ:

**Екатеринæ Зачиняева** – 1-аг къæпхæни диплом;

**Регинæ Стефутина** – 2-аг къæпхæни диплом;

**Александр Чаленко** – 3-аг къæпхæни диплом.

Цуппæрдæс анземæй æхсæрдæс анзей кари ерисонти 'хсæн анзи фæуууæлахез æнцæ:

**Гаянэ Дариги** – 1-аг къæпхæни диплом;

**Аминæ Цулоева** 2-аг къæпхæни диплом;

**Гагулати Артур** – 3-аг къæпхæни диплом.

Сувæллæнтти хузти республикон аллианзон конкурс «Сабийтæ – коррупций нихмæ» арæзт æрцудæй цуппарæймаг хатт. Исаразуй æй Цæгат Иристони Сæргълæууæги размæ коррупций нихмæ архайди Управлени. Æ нисан – æхсæнади медæгæ æнæуинон рахаст исæвзурун кæнун коррупций фæззиндтити нихмæ, ирæзгæ фæлтæрти барадон културæ фæббæрзонддæр кæнун.

Аци анзи конкурси уæлахезонти цитгин кæнуни мадзали ма архайдтонцæ Цæгат Иристони Сæргълæууæги размæ коррупций нихмæ архайди Управлений разамонæг **Баскати Эльбрус** æма Цæгат Иристони Сæргълæууæги размæ сувæллæнтти бартæ гъæуайгæнæг **Кокайти Артур**.

*Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги æма Хецауади пресс-службæ.*

**Искурдиадæгин финсæг Тедети Алексейи фурт Геуæргий райгурдбæл 21 декабри æнхæст кæнуй фондз æма цуппаринсæй анзи (1938-2002).**

*Дзæуæгигъæуи академик Миллер æма Театралон фæсгъæунги фиццаг хæдзарæ – Уруссаг-Азиаг банки азгъунст нимад цæудзæй, регионалон ахедундзийнадæ кæмæн ес, уæхæн культурон артдзæстæбæл. Аци азгъунст арæзт æрцудæй, зундгонд архитектор В.В. Грозман 1913 анзи ци проект исаразта, уомæ гæсгæ.*



## ДЗУБАНДИ – НÆ ЦАРДИУАГИ АХСГИАГ ДÆР ФАРСТАТÆБÆЛ





# НÆУÆГ ФАТЕРТÆ, ЭПИДЕМИОЛОГОН УАВÆР, ГАЗУАДЗÆН УÆЛÆНХАСÆН ГЪУДДАГ, ХЕДТИ ÆДЗÆЛЛАГ УАВÆР...

Цæгат Иристони цæргутæй сæ цæрæнбунæттæ æдзæллаг уавæри кæмæн æнцæ, уонæн аккаг цæрæнуæттæ раттуни программæ гъæуама æмгъудæй раздæр æнхæстгонд æрцæуа: уой фæдбæл номхигъдмæ ци 238 бийнонти хаст æрцудæнцæ, уонæй æвддæс æма авдинсæйемæн еци гъуддаг арæзт æрцудæй.

Уой туххæй, Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** ци аппаратон æмбурд исаразта, уоми фегъосун кодта цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради, артаг æма энергетики министр Тамати Майрæн. Уой загъдмæ гæсгæ, анзи кæронмæ ма нæуæг фатерти хецæуттæ исуодзæнæнцæ сахар Дигорай авд æма инсæй бийнонти, цуппар æма инсæй бийнонти ба – Беслæни. Уæдта ма Рахесфарси райони Ольгинскийи гъæуи хæстæгдæр рæстæги исрæвдзæ уодзæнæй берæфатерон хæдзарæ.

Æмбурди цудæй дзубанди нури эпидемиологон уавæри туххæй. Æма си куд фегъосун кодтонцæ, уотемæй грипп æма уолæфæнти хæццæ баст вирусон инфекцитæй сæйгити нимæдзи ирæзт евгъуд къуæрей фæннидæндæр æй. «Роспотребнадзор»-и бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, медицинон уагæдæнттæмæ агъазагор ка фæдздзурдта, уони нимæдзæй 70 процентемæй фулдæр æнцæ, цуппæрдæс анзей уæнгæ кæбæл цæуй, уæхæн сабийтæ. Цæгат Иристони дууæ скъолай æма авд рæвдауæндони ’нцæ æхгæд, сувæллæнттæн си сæ инсæй проценти ке фæссæйгæ ’нцæ, уой фудæй.

Нæ республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабази уавæрти фæдбæл дзоргæй, профилон министр **Тебиати Сослан** фегъосун кодта æхцæуæн хабар дæр – Æрæдони центрон сæйгæдони аци къуæрей кæронмæ æркосдзæнæй МРТ-ий нæуæг аппарат. Еци хуарздзийнадæ арæзт æрцудæй æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади фиццаг къæпхæни модернизаций программи фæрци.

Еума æхцæуæн хабар ба е æй æма Цæгат Иристони уæлæнхасæн газификаций программæ аци анз æнхæстгонд æрцудæй 100 процентемæй. Æдеугурæй 2021 анзæй нуриуæнгæ арæзт æрцудæнцæ 2391 бадзурди, æрвхуз артаг сæ зæнхи арæнти уæнгæ бауагътонцæ 2069 бæстихайемæ, 1194 хæдзареми пайда кæнун байдæдтонцæ еци артагæй.

Уой фæдбæл дзоргæй, Сергей Меняйло бафæдзахста, цæмæй, гъуддаг кæмæй аразгæ ’й, етæ æркæсонцæ æма нæуæг анзмæ исфедар кæнонцæ социалон газификаций пълан.

Республики разамонæг ма байхæс кодта программæ «Æдас сахар»-и æнхæсткæнуйнаг пункттæмæ бæлвурддæрæй æркæсун æма сæмæ гъæугæ æййивддзийнæдтæ бахæссун. Æ загъдмæ гæсгæ:

– Нуртæккæ бал, æнæмæнгæ, æркæсун гъæуй нæдтæбæл цæуни æгъдæуттæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уомæ цæстдарæг-фæлгæсæн камеритæ исæвæруни фарстамæ, медгъуддæгути министради хæццæ бадзубанди кæнгæй син сæ рауæнтæ исбæлвурд кæнун. Дзубанди айдагъ нæдтæбæл æзмæлд ихалгути бæлвурдгæнæг камеритæбæл нæ цæуй, фал ма, адæм берæгæйттæй кæми æрæмбурд унцæ, еци рауæн цæсгæнттæ бæлвурдгæнæг программи камеритæбæл дæр.

Специалисттæ идарддæр бæлвурд кæнунцæ республики хедти уавæр. Цæгат Иристони транспорт æма фæндаггон инфраструктури комитети сæрдар **Солити Тариэл** куд загъта, уотемæй Дзæуæгигъæуи æдзæллаг уавæри æнцæ хедтæ цуппар рауæнеми: Чапаеви, Кирови, Цæнгæт æма Пожарскийи гъæунгти. Хедти уавæр исбæрæг кæнуни куст арæзт æрцудæй Сергей Меняйлой фæдзæхстмæ гæсгæ. Æма æ еци фæдзæхст æнхæст кæнуни хатдзæгтæмæ гæсгæ загъта:

– Æркæсун ма гъæуй хедти буцæутæ æма мехтæмæ. Цалцæг кæнун гъæуагæ ма си ка ’й, уони исрæвдзæгæнæн ес, къæпхæнгай сæбæл косгæй, уомæ гæсгæ ба уобæл гъæуама рагъуди кæнæн æма гъæугæ мадзæлттæ исаразæн.

* * *

Цæгат Иристони кæронмæ æрхъæрттæнцæ, 2023 анзмæ се ’мгъуд кæмæн адтæй, еци паддзахадон программитæ æма национ проекттæ исæнхæст кæнуни кустæ. Нуртæккæ уавæр куд æй, уобæл дзубанди цудæй, нæ республики Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис** æрæги ци æмбурд исаразта, уоми.

Дзубанди ба си цудæй айдагъ аци анзи кусти бæрæггæнæнтæбæл нæ, фал нæуæг анзи федералон паддзахадон программитæ æма национ проектти архайгæй ци исæнхæст кæнун гъæудзæнæй, уобæл дæр. Зæгъæн, федералон æмвæзади ци капиталон арæзтади объекттæ исфедар кодтонцæ, уони фæдбæл.

Куд нисангонд цæуй, уотемæй 2024 анзи капиталон æгъдауæй гъæуама цалцæггонд æрцæуонцæ æхсæз æма инсæй скъолай. Æдеугурæй ба 2024-2026 æнзтæн республикæ еуæндæс æма дууинсæй курдиади балæвардта, цæмæй хаст æрцæуонцæ ахурадон уагæдæнтти бундорон цалцæги федералон программæмæ. Уотæ ма нæуæг анзи нисанти ес æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади, ахуради, культури, спорти, цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради объекттæ, нæдтæ исаразун, Æрæдони, Дигорай æма Нари æхсæнадон фæзуæттæ фæххуæздæр кæнун.

– Алли бон дæр уинæн хуæрзæрдæмæ æййивддзийнæдтæ, æма байархайун гъæуй, цæмæй анзи кæронмæ, паддзахадон программитæ æма национ проекттæмæ гæсгæ аци анзæн нæ размæ ци ихæстæ æвæрд æрцудæй, уони æнæгъæнæйдæр исæнхæст кæнун, – баханхæ кодта Дзанайти Барис.

Арæзтадæ æма архитектури министрадæн фæдзæхст æрцудæй, цæмæй гъæугæ гæгъæдитæ афойнадæбæл цæттæгонд æрцæуонцæ æма уони исфедар кæнуни фарстатæ еугурæйдæр лухгонд æрцæуонцæ арæзтадон æма цалцæггæнæн кустити райдайæни агъоммæ.

## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



Советон доги, дан, фæллойнæгæнгути циуавæрдæр æмбурди еу разамонæг лæг трибунæмæ рацудæй æма хъæбæр хе бозæй ку зæгъидæ:

– Æмбæлттæ, иннæ фондзанзони мах цæрдзинан никки хуæздæр!..

Æ еци загъд ин райгъосгæй, залæй имæ ку исгъæр кæниуонцæ:

– Мах ба?..

* * *

*Еци разамонæги сæрустур загъд хумæтæги нæ раймистан. Нæ нуриккон цардарæзти уавæртæ кæд æма æгудзæгæй-æгудзæгдæр æнцæ, уæддæр, уони фæррæвдзæдæр кæнунæй комкоммæ ихæсгин ка ’й, етæ нин зæрдитæ æвæрунцæ, гъома, бабухсетæ, исонибони фæррæвдзæдæр уодзæнæй цардиуагæ. Уотемæй ба сæхуæдтæ исонибони хуарзмæ æнгъæлмæ нæ кæсунцæ, æма æновудæй архайунцæ, цæмæй син алцидæр абони уа. Зæгъæн, Устур Фидибæстон тугъд ке сабийдогæ æрæййафта æма «тугъди сувæллæнттæ» ке хонунцæ, уонæй ма абони уодæгас ка ’й, уони ести феддонтæй барæвдауни, кенæ косгæ ма ка кæнуй, уони пенситæ компенсаци кæнуни фæдбæл дзубанди ку рацæуй, уæд хецаудзийнадæ рæуæнттæ кæнун байдайуй, æхца, дан, нæ фагæ кæнуй. Æма уæд нæ бонгинтæн никки бонгиндæр кæнунæн ку фагæ кæнуй?!.*

*Зæгъæн, уæрæсейаг информацион агентадтæ куд игъосун куæнунцæ, уотемæй Уæрæсей гъæздугæйгъæздугдæр бизнесментæн сæ мулк аци анзи райдайæнæй фæффулдæр æй 38,575 миллиард доллæрей бæрцæ. Бæлвурдæй – «Лукойл»-и бундорæвæрæг Вагит Алекперов «бакуста» 9,14 миллиард доллæри æма фæббонгиндæр æй 24,5 миллиард доллæрей уæнгæ. «Лукойл»-и раздæри вице-президент Леонид Федун «бакуста» 3,89 миллиард соми (æ мулкитæ – 9,76 миллиард доллæри). «Еврохим» æма æндæр компанити бундорæвæрæг Андрей Мильниченкой мулк 4,03 миллиард доллæремæй фæффулдæр æй 17,2 миллиард доллæрей уæнгæ.*

*Хъæбæр хуарз æй ку зонæн, етæ æдзæсгонæй ке байстонцæ, еци еугурадæмон есбойнади фæрци ке гъæздуг кæнунцæ, уой. Æма си уæд цæмæннæ гъæуама ист цæуа цæйбæрцæдæр хай паддзахадон къæбецмæ? Уæд, баруагæс уи уæд, берæ цæйдæрти фагæ æхца дæр нæмæ фæззиндзæнæй!..*



**Петр КАПИЦА (1894-1984), академик, Социалистон Фæллойни дууæ хатти Бæгъатæр: «Цард къартæй гъазунæй уæлдай нæй. Гъазис, гъазти æгъдæуттæ нæ зонис, уотемæй...»**

* * *

Къарти гъазти æгъдæуттæ нæ зонис, уотемæй си гъазун ку байдайай, уæд дин е зæран ке хæссуй, уомæн ма ниббухсæн ес. Фал куд гъæуама ниббухсæн, нæ цардиуагæ нин цидæр сæргъæн унаффæгæнгутæ се ’римисгæ æнæсæрфат æгъдæуттæмæ гæсгæ «аразун» ку байдайунцæ æма нæбæл уой фудæй зæрани-зæрантæ цæун ку байдайуй, уой?

**Сэмюэл БАТЛЕР (1835-1902), англисаг финсæг: «Адæймагæн е ’цæг цард æй, æ фæсонæрхæги дæр ка нæй, уæхæн...»**



* * *

Æцæгæйдæр ни уой æнгъæл ка адтæй, æма Советон Цæдеси фехæлди фæсте бахаудзинан, нæ фуд-фунти дæр ке нæ фæууидтайанæ, уæхæн гъезæмæртти... Æма нуриуæнгæ дæр, дæс æма инсæй анзей дæргъи нæ кеми си нæма ’рцудан...



**Уильям ФОЛКНЕР (1897-1962), американ финсæг, Нобели премий лауреат: «Цард гъæуайкæнуйнаг ес-бес нæй, фал, иннетæн дæр фæххай кæнун кæмæй æнгъезуй, уæхæн лæвар...»**

* * *

Аци зундгин загъд бæргæ ку фегъосиуонцæ, агъаз кæнунгъон ка ’й, етæ – кæдимайди ба сæмæ фæззиннидæ, абони сæ уавæртæмæ гæсгæ тухстдзийнæдтæ ка æййафуй, уонæн цæмæйдæрти фæййагъаз кæнуни разæнгарддзийнадæ.

**Зундгонд финсæг æма æхсæнадон архайæг Бегизати Давиди фурт Кермени райгурдбæл 23 декабри æнхæст кæнуй фондз æма æхсæзинсæй анзи (1898-1937).**

***На острове Фарос в 279 году до н.э. был сооружен маяк, высота его была 120 метров, он получил мировую славу благодаря неугасаемому костру в своем зеркалам и добросовестно прослужил людям 1500 лет, пока не был разрушен землетрясением. Фаросского маяка уже давным-давно нет, но благодаря ему появилось слово «фара».***

## ДÆХЕ ДÆ КÆД ХУÆЗДÆР БАЗОНУН ФÆНДУЙ...




*Аци æрфарстæй рабæрæг уодзæнæй æцæгдзийнадæмæ цæйбæрцæбæл хæстæг лæуд дæ, е.*

**1.** **Лотерейæй ести устур дзаумау рамолунмæ æнгъæлмæ кæсун гъæладзийнадæбæл нимайс?**
а) Гъо – 3, б) Нæ – 0.

**2.** **Ахид дин рауайуй уотæ, æма автобуси цæугæй, цидæр сагъæсти ке бафтуйис, уой фудæй, ци æрлæууæни дин рахезгæ фæууй, уобæл райевгъуйис?**
а) Гъо – 0, б) Нæ – 3.

**3.** **Æндæр идард бæститæмæ рабалци кæнунмæ ахид фæббæллис?**
а) Гъо – 0, б) Нæ – 3.

**4.** **Уарзондзийнадæбæл финст романтæ кæсунбæл рæстæг харз кæнун дзæгъæли кустбæл нимайс?**
а) Гъо – 3, б) Нæ – 0.

**5.** **Кæддæр дæмæ ци уарзондзийнади финстæгутæ ’рветиуонцæ, уони ма дæхемæ æфснайдæй дарис?**
а) Гъо – 0, б) Нæ – 3.

**6.** **Ирисхъæбæл æууæндун дæмæ гъæладзийнадæ кæсуй?**
а) Гъо – 0, б) Нæ – 3.

**7.** **Æндæр сахармæ дæ ескæд фæндадтæй цæрунмæ рандæун?**
а) Гъо – 0, б) Нæ – 3.

**8.** **Дæ фунти цитæ фæууинис, уони нисанеуæг базонун дæ фæффæндуй?**
а) Гъо – 0, б) Нæ – 3.

**9.** **Мæлæтбæл ескæд фæссагъæс кæнис?**
а) Гъо – 0, б) Нæ – 3.

**10.** **Ахид фæссæйис, кенæ дæхе лæгъуз фæххатис?**
а) Гъо – 0, б) Нæ – 3.

**11.** **Фулдæр адæм ке нæ лæдæрунцæ, уæхæн зонундзийнæдтæ базонунмæ тундзис?**
а) Гъо – 3, б) Нæ – 0.

**12.** **Дæ гъуддæгутæ хуæрзæрдæмæ ке цæудзæнæнцæ, е ди æруагæс кæнуй?**
а) Гъо – 0, б) Нæ – 3.

**13.** **Адæймаг æ фæсмæрдæ дæр ма цæргæ фæккæнуй, зæгъгæ, уобæл æууæндис?**
а) Гъо – 0, б) Нæ – 3.

**14.** **Фантастикон уадзимистæ æма аргъæуттæ кæсун уарзис?**
а) Гъо – 0, б) Нæ – 3.

**15.** **Дæ царди хабæртти фæдбæл дæмæ ци фарстатæ фæззиннуй, уони иннетæй фæрримæхсис?**
а) Гъо – 0, б) Нæ – 3.

**16.** **Дæ ниффунæй уни хуæдразмæ ести зæрдтагон бæлдитæбæл фæссагъæс кæнис?**
а) Гъо – 0, б) Нæ – 3.

**0-12 балли** уæнгæ бæрæггæнæнтæ уобæл дзорæг æнцæ, æма царди æцæгдзийнадæй идардмæ ке ледзис (куд фæззæгъунцæ, дæ сæр змении рацæвис). Уотемæй ба дин афонæ ’й æцæгдзийнади цæститæмæ æргомæй комкоммæ бакæсун. Еци гъуддаг дин агъаз кæндзæнæй, царди ци берæ рæдудтитæбæл исæмбæлæн ес, уонæй ервæзунæй.

* * *

**12-24 балли** уæнгæ бæрæггæнæн ба дзорæг æй, дæ фæндитæ-сæнттæ æма царди æцæгдзийнади æмгæндзон ке нæ фæууунцæ, æма дæ е ахид гъигæ ке даруй, уобæл. Сæнтти тæхуни бæсти зæнхæбæл федар æрæфсæрунбæл архайæ, æндæра зæнхæбæл æцæгдзийнадæй ци цæуй, уой нæ балæдæрдзæнæ.

**24-36 балли** уæнгæ бæрæггæнæнтæ ба дзорæг æнцæ, сæнттæ æма æцæгдзийнадæ æмуæзæ ке ’нцæ, уой балæдæрунгъон ке дæ, уобæл. Уой дæ зæрдæбæл ку дарай, уæд дин царди зин нæдтæбæл æнцондæр цæуæн уодзæнæй.

**36-48 балли** уæнгæ бæрæггæнæнтæ ба дзорæг æнцæ уобæл, æма æгæр зæнхон ке дæ. Фулдæр æргом дæ раздахун гъæуй зæрдрохсгæнæг бæлдитæмæ, игъæлдзæг хабæрттæмæ. Дæ фалдзости цитæ цæуй, уони зæрдæмæ бустæги арф есун нæ гъæуй. Уотемæй зиндзийнæдти сæрти æнцондæрæй хездзæнæ!

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се ’мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй:**

**1.** **Куд дзорунцæ, уотемæй Иосиф Сталин æ балхонтæй æ ном æма фиди номæй некæмæ дзурдта Борис Шапошниковæй уæлдай. Фал Сталингради тугъди фæсте фæтæги ’рдигæй уæхæн цити аккаг иссæй еума номдзуд балхон. Ка адтæй:**
**а)** Георгий Жуков. **б)** Констатин Рокоссовский. **в)** Иван Конев.

**2.** **Уруссаг къниæзтæй еу саугæ 1807 анзи бахаста фæндæ, Наполеон Уæрæсемæ ку ’рбалæбора, уæд ци кæнун гъæуй, уой туххæй. Æ гъуди ба уæхæн адтæй, цæмæй уой æфсад, аллихузон листæг мадзæлттæ ин æ нихмæ аразгæй, исæнæтугъдон æй искæнун æма ин утемæй «нæуæг Полтавæ» – Петр Фиццаги номдзуд уæлахез Швеций æфсадбæл – исаразун. Ка адтæй еци стратег:**
**а)** Михаил Барклай-де-Толли. **б)** Михаил Кутузов. **в)** Петр Багратион.

**3.** **Еци силгоймаг-паддзах, хъæбæр ку истингун уидæ, уæд æ маст бауорамуни туххæй æ уати еу къумæй иннæ къуммæ карзæй рацобацо кæнун байагайдæ, еци-еу хуппæй раниуазидæ дони цалдæр агувзи. Никки – уæхæн уавæри угæй неци бардзурдтæ лæвардта, уæдта паддзахадон ахсгиагдзийнадæ кæмæн адтæй, уæхæн гæгъæдитæ дæр нæ бафинсидæ. Ка адтæй?**
**а)** Екатеринæ. **б)** Аннæ. **в)** Елизаветæ.

**4.** **Дини гъуддæгути сæхе радехгæнгутæ (раскольники) царди берæ цæмæдæртæмæ хъæбæр къæрцгъосæй, хаттæй-хатт ба фуркарзæй кастæнцæ, уомæн æма сæ нимадтонцæ тæрегъæддзийнадæхæссæгбæл. Æма уæд «Антихристи дзол», зæгъгæ, ба циуавæр адæми ’хсæн нимад културæ худтонцæ?**
**а)** Тамаку. **б)** Хумæллæг. **в)** Картоф.

**5.** **Нуртæккæ хъæбæр исберæ ’нцæ – куд æхсæнадон, уотæ паддзахадон дæр – нæ фалдзос æрдзæ гъæуай кæнунбæл архайæг æхсæнадтæ. Æрдзæбæл æновудæй ауодуни туххæй закъон ба фиццаги дæр фæззиндтæй XII æноси. Кæци паддзахади?**
**а)** Англий. **б)** Бирми. **в)** Канади.

* * *

**Нур ба раст дзуæппитæ нæ газети 46-аг номери мухургонд фарстатæн.**
**1.** Сочи. **2.** Емельян Пугачев. **3.** «Анна Каренина». **4.** Александр Алехин. **5.** Билет балхæнунмæ кезуй лæугæй, æ разæй æндæр кедæр бауагъта æма е балхæдта еци билет.

## БЫЛ ТАКОЙ СЛУЧАЙ

### А ЭТО КТО?

В тайге на лесопилке работала бригада из нескольких человек. Однажды нашли маленького медвежонка и приютили его, так как медведицу застрелили браконьеры. Медвежонок оказался медведицей, назвали ее Маней и сделали для нее загончик.

Как-то через год бригадир отправился на рыбалку, приходит обратно и начинает орать на своих подчиненных:

– Почему за Маней не следим? Опять из загона сбежала, я ее в лесу нашел, лососем отшлепал и к дереву привязал. Идите, забирайте.

Работник, удивленно:

– Так Маня в загончике...

* * *

### С ВЕТЕРКОМ

Помогал другу врачу перевозить медицинское оборудование. Багажник и заднее сиденье были забиты, поэтому учебный скелет я усадил на переднее сиденье, пристегнув его ремнем, чтоб не болтался. По дороге я видел немало косых взглядов. На одном перекрестке мужик в машине сбоку так удивленно пялился на моего пассажира, что я не выдержал, опустил стекло и сказал:

– Везу его в кабинет врача.

– А не слишком поздно?

* * *

### КАКОЙ АДРЕС?

Жутко опаздывал на электричку, поэтому вызвал такси. Машина приехала быстро, мы отправились на вокзал. По дороге водителю поступает звонок от диспетчера:

– Забери людей от детского садика, радость моя!

Таксист растекается в смущенной улыбке:

– Хорошо, а от какого садика забирать?

Диспетчер, раздраженно: – «Радость моя»!

* * *

### ПРОГОЛОДАЛСЯ

У нас на работе есть мужчина, который приходит с обедом в гигантском пакете. Все, разумеется, домашнее, обязательно первое, второе, закуски, соусы, консервы, компот... Да чего там только нет!

Коллеги называют его Георгий Обедоносец!

* * *

### СРЕДСТВО ОТ СОНЛИВОСТИ

Ехали с женой из одного города в другой ночью. Я за рулем. Выспаться предварительно не удалось, поэтому в дороге просил жену постоянно со мной разговаривать, чтобы не уснул.

Она на меня посмотрела и предложила: «А давай я поведу – сон как рукой снимет!»

* * *

### МАРШРУТ ЗАДАН

Один мужик никак не мог решиться поменять телефон на более новый. Его убедил один случай.

Он стоял на остановке и увидел пьяного парня, который, шатаясь, остановился в паре шагов, достал свой телефон, сказал в него: «Домой» – и пошел дальше по навигатору.

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 2756**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 15.12.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 15.12.2023.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.